Bible for Shildren

As Dem Born Jesus Christ



Na Edward Hughes write am

Na M. Maillot; Alastair Paterson
Illosrate am

Na E. Frischbutter; Sarah S. Adapt am

Na www.christain-translation.com translate am

Na Bible for Children produce am
www.M1914.org

©2021 Bible for Children, Inc.
License: You get di right to copy or print dis story,
as long as you nor dey sell am.

Long time ago, God kon send angel Gabriel go meet one fine young Jewish lady wey her name bi Mary. Hin tell her sey, "You go get belle kon born boy and you go name am Jesus. Dem go koll am God wey dey for heaven pikin and God go give am hin papa throne."



"How dis tins go fit happen?" di fine lady ask. "Ss e bi sey I neva sleep with man before". Di angel ansa Mary di pikin wey you go born, go dey holy and dem go koll am God Pikin. Hin nor go get human father.

3

Si, yor kousin Elizabet don get belle for six monts naw and e go born boy for en old age. This na miracle, sef. Later, Mary go visit Elizabeth. Dem praise God togeda.

4

Mary don dey ready to marry one Man wey hin name bi Josef. Josef nor dey hapi wen hin see sey Mary don get belle.



5

God angel show ensef to Josef for dream kon tell am sey di pikin wey dey en belle, na Holy Spirit gi-am. Josef na to helep Mary to take care of Jesus.



6

Josef trust and kon obey God. He also obey hin country laws. Bikos of new law, hin and Mary commot for dia hometown, Bethlehem, to pay dia taxes.



7

Mary don dey ready to born her pikin. But Josef not see any room anywhere. All di otel dem don full.



8

Josef kon finally see one animal house. Na dere dem born Baby Jesus. Hin mother kon put am for where dem dey keep animal, na place where di animals food dey.



9

Some shepads dey for dat aria, dey kare for dia sheep for nite. God angel appear to dem and kon tell dem di good news.

10

"Today, dem born una Savior for dis town wey David from kom, en name na Christ, wey bi di Oga God. Una go si pikin wey dem use klot wrap inside where dem dey keep animal."



11

At wons, many angels appear for heaven kon stand with di first angel dey praiz God sey, "Na only God get Glory for heaven and eart, make peace and favor dey with evribody."



12

Di shepads kon run go where di baby dey. As dem see di pikin dem kon tell each oda, "Make wi go Betlehem go si wetin happen, wey God don show us so."

13

Wen time rish Josef and Mary kon karry Jesus go Jerusalem. One man wey hin name bi Simeon dey praise God for di pikin, as old Anna, wey bi anoda servant of di Lord, dey gife thanks also.



14

Dem both sabi sey Jesus na God Pikin, di Savior wey Baba God don promise bifor. Josef kon sakrifice two birds. Dis na di offering wey di law God tok sey make poor pipol dey bring wen dem wan bring newborn pikin to di Lord.



15

Sometime later, one special star kon carri di Wise Men from dia Eastern kountry go reach Jerusalem. "Where di Jew king wey dem just born?" dem ask. "Wi kom woship am."



16

King Herod hear about di Wise Men. Den Herod koll di wise men. Make una kom tell mi, "So dat mi too, go-go woship am too." But na lie hin dey lie. Na kill Herod wan kill Jesus.



17

Di star wey dem si bifor, kon dey lead dem until e stop on-top di house where di pikin dey wit Mary and Josef. Dem kon knee down woship am. Den dem open dia bag kon gi-am some gifts wey bi, gold and perfume.



18

God warn dem for dream make dem nor go back go meet Herod, dem kon pass anoda road go dia house. Herod kom dey very angriy. E make up hin mind sey hin go destroy Jesus, di wicked king kon kill all baby boys for Bethlehem.



19

But Herod nor fit wound God Pikin! God angel kon tell Josef for dream, "Get up, karry di pikin and en mama run go Egypt."



20

When Herod don died Joseph bring Mary and Jesus kom back from Egypt.



Dem dey little for di town of Nazareth, wey dey near di sea of Galilee.

21

As Dem Born Jesus Christ

Story wey kom from di Word of God, di Bible,

dey for inside

Mattiu 1-2, Luke 1-2

"Di tishing for your word dey give lite."
Psalm 119:130

22

Na Di End

36 60

23

Dis Bible story dey yarn us about our wonderful Baba God wey kreate us and Hin wan make wi sabi Am.

God sabi sey wi don do bad tins, wey Hin dey call sin. Di punishment for sin na die, but Baba God love you too much wey Hin kon send Hin only Pikin, Jesus, make Hin kom die on top Kross and make dem punish am for your sins. Den Jesus kon kom back to life and kon go back to Heaven! If you believe inside Jesus and you kon ask Am to forgive your sins, Hin go do am! Hin go kom and live inside you now, and you go live wit Am foreva.

If you believe sey dis na di truth, tok like dis to God: Dear Jesus, I believe sey You bi God, and kon bikom man to die for my sins, and now You dey live again. Abeg kom inside my life and forgive my sins, so dat I go fit get new life now, and one day I go fit dey wit You foreva. Helep me to obey You and live for You as Your pikin. Amen.

Read di Bible and tok wit God every day! John 3:16

24